

Aprann Kòman pou Pwoteje Tèt Ou kont Maladi Menengokòk

Florid ap viv kounye a youn nan pi move epidemi maladi menengokòk nan pami gason omoseksyèl ak biseksyèl yo nan istwa Etazini. Vaksinasyon ofri pi bon pwoteksyon an. Chèche swen medikal touswit si ou vin gen nouvo sentòm oswa sentòm ki enkyetan.

○ Kisa maladi menengokòk ye?

Maladi menengokòk se yon maladi bakteri ki ra, men ki grav anpil. Li lakòz souvan pwoblèm byen lwen pi devan, tankou pèt manm oswa domaj nan sèvo, epi li kapab mòtèl.

○ Kòman li transmèt?

Bakteri menengokòk yo transmèt pa mwayen ti gout respiratwa ak sekresyon nan gòj (saliv oswa krache). Anjeneral, pou li transmèt fòk gen kontak ki pwòch (bo) oswa ki long (viv ansanm).

○ Kimoun ki gen risk nan epidemi Florid la?

Nenpòt moun ka trape maladi menengokòk, kèlkeswa sèks, laj, ras, gwoup etnik, oswa oryantasyon seksyèl li. Depi Desanm 2021, yo te idantifye plis pase 2 douzèn ka ak plizyè lanmò nan zafè epidemi sa a. Sanble gason omoseksyèl ak biseksyèl k ap viv nan Florid oswa k ap vwayaje nan Eta a gen pi gwo risk.

○ Kòman mwen ka pwoteje tèt mwen?

Pran vaksen. Pandan epidemi sa a, CDC rekòmande pou gason omoseksyèl ak biseksyèl k ap viv nan Florid pran yon vaksen kont menengokòk (MenACWY). Anplis, CDC ankouraje gason omoseksyèl ak biseksyèl k ap vwayaje nan Florid pou yo pale avèk founisè swen sante yo konsènan pou yo pran vaksen MenACWY. Gason ki te resevwa vaksen an omwen sa gen omwen 5 ane ka pran yon boustè pou plis pwoteksyon.

○ Kikote mwen ka jwenn yon vaksen MenACWY?

Vaksen MenACWY yo disponib nan klinik doktè, famasi, ak klinik sante kominotè yo. Epitou vaksen yo fasil pou jwenn nan tout departman sante konte Florid yo. Mande founisè swen sante pou l repase kalandriye vaksen ou epi asire ke w ajou avèk tout vaksen yo rekòmande yo.

○ Èske vaksen yo gen gratis?

Si ou gen asirans sante, founisè asirans ou an ta dwe peye pou vaksen kont menengokòk ou akòz epidemi an. Si ou pa gen asirans sante, ou ka pran vaksen gratis nan yon departman sante konte a. Nan Florid, nenpòt moun ka pran yon vaksen MenACWY gratis nan nenpòt departman sante konte pandan epidemi a.

Kisa sentòm yo ye?

Gen de tip kouran nan maladi menengokòk: menenjit ak enfeksyon nan sikilasyon san an. Sentòm yo ka parèt kòm yon maladi ki tankou grip, men yo vin pi grav byen vit anjeneral.

- Lafyèw oswa frison
- Maltèt oswa kou rèd
- Kèplen, vomisman, oswa dyare
- Zye yo ki sansib ak limyè
- Konfizyon
- Fatig (sansasyon fatig)
- Men ak pye frèt
- Kò fè mal oswa doulè grav
- Respirasyon rapid
- Yon gratèl vyolèt fonce leve sou po

Ou dwe konsyan de nenpòt chanjman nan kò ou ki ta ka pètèt maladi menengokòk la epi fè lide ki nan tèt ou an konfyans. Chèche swen medikal touswit si ou panse ou gen yon maladi menengokòk.